Circassian National Assembly (CNA)
Адыгэ Лъэпкъ Хасэ (АЛъХ)
Çerkes Ulusal Meclisi (ÇUM)

Пщlэ Зыхуэтщl;

**КIУЭКIУЭ Казбек Валерэ и къуэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент**

Накъыгъэм и 19, 2026 гъ.

Зиусхьэн президент,

Адыгэ лъэпкъ гъэкlуэдымрэ Адыгэхэм я щыгъуэ-щlэж махуэмрэ ехьылlауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм лей зэрырахым теухуа хъыбархэм гузавэгъуэкlэ дакlолъэплъ.

Илъэс куэд хъуауэ Хэкумрэ диаспорэмрэ зэпlэзэрыту щащlу щыт, ди тхыдэм хэт лъэпкъ фэбжьышхуэм и щыгъуэ-щlэжым фэщыгъуэну хуей ди лъэпкъэгъухэм ирах лейхэр мыхьэнэншэу икlи сэбэпыншэу къыдолъытэ.

Социальнэ идэнтичностымрэ щэнхабзэ хъугъэфlыгъуэхэмрэ гулъытэншэ щlыным и гъусэу, цlыхум и хуитыныгъэ лъабжьэхэм ящыщ зыуэ щыт зэхуэс-зэхэтым пэрыуэ хуэхъуныри емызэгъыу къыдолъытэ.

Урыс-Кавказ зауэхэм Адыгэ лъэпкъыр зэрагъэкlуэдамрэ къыкlэлъыкlуэу хэкум къызэрырахуамрэ къызыщащlэж, лъэпкъ акъылъыр къызыщагъэщlэрэщlэжь щыгъуэ- щlэжь программэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Парламетным 1992 гъэм мазаем и 7-м къыдигъэкlа унафэу № 977-XII-V-м ипкъ иту цивилизовннэ щытыкlэм тету ящlыфын папщlэ фи правительствэм зыхуеину lуэхугъуэхэр игъэзэщlэныр, волонтерхэм я жэрдэмхэр ядиlыгъыныр ди лъэlущ.

Мы lуэхур къэдгъэсэбэпкlэрэ къыхэдгъэщыну дыхуейщ; ди тхыдэ фэбжьхэр гъэхъужьын икlи мамыру зэгъусэу зэдэпсэун папщlэ мыхьэнэшхуэ зиlэу къэтлъытэ lуэхугъуэхэм теухуауэ Адыгэ хасэхэм я лэжьыгъэхэм дэlэпыкъуэгъу факъыхуэхъуным дыпоплъэ:

1. Урысей Федерацэм, урыс пащтыхьыгъуэм Адыгэхэм лъэпкъ гъэкlуэд къазэрихуигъэкlуар икlи хэкум къызэрырихуар къабыл ищlу къыхуагъэгъунымкlэ лъэlу къитхыным,

2. Я хуитыныгъэ куэдымкlэ зэранышхуэхэр зэрата ди адэжьхэм я пщlэр къратыжыным,

3. Диаспорэм щыпсэу Адыгэхэм Хэкум къагъэзэжыным теухуауэ пэубыд хэмылъу хуитыныгъэ къятыным,

4. Хэкумрэ диаспорэмрэ я кум дэлъ зэпышlэныгъэхэр ди лъэпкъ лъапlэныгъэхэм (Хабзэ), цlыху хуитыныгъэхэм икlи демократическэ хэтыныгъэм тету быдэ щlыным.

Зиусхьэн, дунейм и къэрал щэ ныкъуэм щикъухьа ди лъэпкъым къэкlуэну нэхъыфl иlэн папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ CNA-мрэ я кум зэгурыlуэ дэлъу зэдэлэжьэфынхэм теухуа ди щlэхъуэпс пэжхэр къафщтэ.

Пщlэшхуэ къыфхудощl,

**Дохутыр Нусрет БАШ**
**CNA-м и Президент**